

Byenveni nan admisyon pou kindergarten!

Ane sa a, timoun ki fèt an 2020 elijib pou aplike nan kindergarten pou ane lekòl 2025-2026 la. Ekip pou admisyon nan lekòl primè a la pou ede w nan pwosesis la.

Men kèk dat enpòtan ou ta dwe okouran pandan w ap avanse nan pwosesis la.

- Madi 10 desanm 2024: Peryòd aplikasyon pou kindergarten lan ouvè
- Vandredi 24 janvyè 2025: Peryòd aplikasyon pou kindergarten lan ap fèmen
- Mèkredi 2 avril 2025: Piblikasyon òf kindergarten

Yo ka chanje dat sa yo. Y ap anonse ak kominike nenpòt chanjman bay fanmi.

Menmsi peryòd aplikasyon an poko ouvè, men sa w ka fè kounye a pou kòmanse:

1. Kreye kont MySchools ou a nan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov). Ou pa bezwen kòd oswa ID, sèlman adrès imèl ou a. Si w deja gen yon kont MySchools, asire w pou konekte nan kont ou epi gade enfòmasyon pwofil pitit ou a. Si ou pa wè pitit ou a sou tablodbò w la (dashboard), tanpri kreye yon nouvo pwofil pou li lè w klike sou "Ajoute yon timoun" (Add a child »).
2. Itilize [Anyè MySchools](https://www.myschools.nyc.gov) pou kòmanse eksplòre lekòl ak pwogram.
3. Vizite lekòl yo! Tcheke [Paj aktivite MySchools](https://www.myschools.nyc.gov) nou an oswa kontakte lekòl yo dirèkteman pou konnen si y ap fè nenpòt aktivite vityèl oswa anpèsòn. Ou ka ale tou sou sitwèb yon lekòl pou jwenn plis enfòmasyon; yo mete sitwèb chak lekòl sou paj MySchools li. Gade lekòl sou entènèt oswa vizite yo anpèsòn se yon bon fason pou imajine kòman li ta ka ye pou ale la.

Nou ankouraje tout fanmi Vil Nouyòk ki gen timoun ki fèt an 2020 pou aplike, ladan elèv k ap aprann anglè, elèv ki gen andikap, ak elèv ki nan lojman tanporè.

Lè w voye yon aplikasyon ale, sa p ap gen okenn enpak sou aplikasyon ou voye nan yon pwogram ki pa DOE, tankou lekòl charter oswa lekòl pawasyal. Yo bay chak timoun garanti pou jwenn yon plas nan kindergarten nan Lekòl Leta Vil Nouyòk.

Ou vle jwenn plis enfòmasyon? Ale sou [sitwèb admisyon kindergarten](https://www.myschools.nyc.gov) nou an pou gade lis videyo nou an ki gen ladan eksplikasyon sou plizyè leson sou sitwèb MySchools. Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan 718-935-2009 r oswa ale nan [Sant byenveni pou fanmi \(Family Welcome Center\)](https://www.myschools.nyc.gov) ki bò lakay ou a .

Bòn chans,

Ekip admisyon lekòl primè

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w ou mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon kindergarten nou an nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa nan okenn lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.